

## СУВÆЛЛОНИ ХÆЦЦÆ КУ АРÆХСАЙ, УÆД ДИН – КУСТÆН ДÆР ÆМА ДЗУБАНДИЙÆН ДÆР ÆМБАЛ!..

*Екатеринæ Дуккаг (1729-1796), Уæрæсей паддзах 1762-1796 æнзти: «Алли ниййерæг дæр гъæуама хебæл фæххуæцунгъон уа уæхæн гъуддæгутæй дæр æма дзубандитæй дæр, кæцитæ расайунцæ æнæраст тæрхондзийнадæ æма тухмиуæдзийнадæ, гъома: загъд-заманатæ, сомитæ, хилтæ, аллихузон фудзæрдæдзийнæдтæ æма æндæр уæхæн фудмиутæй, уæдта сæ сабийти алфамбулай ка 'й, уони дæр ма уадзонцæ лæгъуз дæнцитæй сæ рæдуйун кæнун...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№20 (989) 2025 анзи 31 май – ханси мæйæ

Аргъ 1 туман


## ИСОН, 1 ИЮНИ БÆРÆГГОНД ЦÆУДЗÆНÆЙ СУВÆЛЛÆНТТÆ ГЪÆУАЙ КÆНУНИ ÆХСÆНДУЙНЕУОН БОН



Рагон дзаманти, нæ фидтæлтæ ма цæнгæти хузæн æнгон æма сæ хъаури ку адтæнцæ, уæд сæ басæттун æгириддæр неке бон адтæй, тухæгæнæг син тухæ нæ ирдта. Еууæхæни ба сæмæ знаг æрбампурста, фал ин нæ фидтæлтæ бæрзæйсæттæн цæф ку никкодтонцæ, уæд федаунмæ фæцæй. Æрбарвиста федаугути.

– Мах дес кæнæн уæ нифс æма хъаурæбæл! – загътонцæ нæ фидтæлти курухондæр лæгтæн, сæ ихæс ку исæнхæст кодтонцæ, уæд. – Кæцæй уæмæ цæуй уой бæрцæ нифс æма хъаурæ? Фæттасун ку нæ кометæ!..

– Нæ паддзах ни уотæ домуй, – адтæй сæ дзуапп.

– Æма æ хæццæ фембæлун, радзубанди кæнæн нæййес?

– Нуртæккæ фунæй кæнуй. Ку райгъал уа, уæд, бæргæ, фал дзоргæ нæ кæнуй.

– Уинун нин æй уæддæр фæккæнетæ, – ниллæудтæнцæ федаугутæ.

– Хуарз, – загътонцæ фусунтæ æма еуцæйбæрцæдæр рæстæги фæсте еу силгоймагæн рахæссун кодтонцæ æ нæуæгигурд биццеуи.

– Е æй нæ паддзах. Уой исонибонбæл сагъæс кæнгæй ан æнæбасæттон, нифсгун. Е ни домуй æхе æма æ зæнхæ гъæуай кæнун...

* * *

*Аци таурæхъ дæр æримистан сувæллæнттæ гъæуай кæнуни Æхсæндуйнеуон бонмæ гæсгæ. Уой фæдбæл абони 4-5-аг фæрстæбæл ци æндæр таурæхътæ дæр ма мухур кæнæн, етæ дæр уин, махмæ гæсгæ, уодзæнæнцæ цæмæдесаг.*


ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

ГАЗЕТ 2025 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР


## НОМЕРÆН



### «ÆЗ ДÆН СÆРУСТУР!..»

«Цитгин æма хуæрзтог адæмихатти минкъий хай ке æй, уомæй сæрустур ка 'й, еци финсгутæй дæн æз дæр. Сæрустур æнцæ, тухгин æма хуæрзайййев Фидибæсти фурттæ ке 'нцæ, уомæй...»

Уотæ æ рæстæги загъта номдзуд советон финсæг, Сталини фиццаг къæпхæни, Ленини, Нобели номбæл, Паддзахадон премити лауреат, Социалистон Фæллойни дууæ хатти Бæгъатæр, ССР Цæдеси науки Академий бæлвурд иуонг Михаил Александри фурт Шолохов. Æма æ еци сæрустурдзийнадæ æвдиста æ цардиуагæй дæр æма æ исфæлдистадæй дæр.

Æма æ радзубандити ахид уидæ фегъосæн: «Æз сæрустур дæн мæ Фидибæстæй, мæ адæмæй!..»

Михаил Шолохови райгурдбæл 24 майи исæнхæст æй æхсæзинсæй анзи. Æма æ рохс ном ин махмæ, Иристони, æримисунæй ихæсгин ан. Уомæн æма хъæбæр хуарз зундгонд æй, Иристони ин – куд финсæг æма куд хумætæг адæймаг – цæйбæрцæбæл бæрзонд цæстиварди адтæй æма нерæнгæ дæр æй, уæдта æхецæн дæр Иристон зæрдтагон адтæй, хуарз зонгæ адтæй нæ кадгин æмзæнхонтæй берети хæццæ, сæрустурæй дзоридæ æ еци лимæнтæ æма сæ хæццæ лимæндзийнади туххæй. Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл.

## ИГЪОСУНКÆНУЙНАГ



### ХУÆРЗУАГОН УÆД УÆ КУВД, ТОМАЙТÆ!..

Томайти муггаги Совет сæ муггаги кувдмæ хонуй сæ муггаги минæвæртти еугурей дæр. Кувд арæзт цæуй аци анзи 6 июли.

Кувд аразуни æма си архайуни гъуддæгути фæдбæл фарстати туххæй базонæн ес, телефонæй бадзоргæй мæнæ ауæхæн номертæмæ:

**8-918-838-84-85 (Батраз)**
**8-918-830-00-02 (Таймураз)**


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

*Æнæмæнгæ медицинон фæдзæхстади цæгатиристойнаг территорион фонди бюджети евгъуд анзи æфтуйæгти бæрцæ иссæй 12 миллиарди æма 756 миллион соми (уонæн сæ тæккæ фулдæр, кенæ ба 12 миллиарди æма 347 миллион соми 'нцæ федералон бюджетæй) – е æй уой размæ анзи æфтуйæгтæй 11,7 проценти фулдæр; хæрзтæ – 12 миллиарди æма 386 миллион соми –*

## ÆРÆГИ ЦАЛДÆР БОНЕЙ ДÆРГЪИ САХАР МИНВОДТИ Æ КУСТ КОДТА КАВКАЗАГ ИНВЕСТИЦИОН ФОРУМ

# «НÆХЕ ДÆР АККАГÆЙ БАВДИСТАН, БАФÆНЗУНÆН СИ БЕРÆ ХУÆРЗТÆ ДÆР ФÆУУИДТАН!..»




Цæгат Кавказ æй, æ райрæзти равгитæ æма гæнæнтæ агъазиау кæмæн æнцæ, уæхæн стратегион регион. Мах ин зонæн æма нин лæдæрд æнцæ æ сæйрагдæр уæлеаудзийнæдтæ: етæ 'нцæ æ æрдзон гъæздугдзийнæдтæ, дессаги зæрдæмæдзæугæ бæстигъæдæ, æмбал кæмæн нæййес, уæхæн географион уавæр, кæций фæрци си ес равгитæ транспортон-логистикон центртæ, аллихузон транспортон рацæуæнтæ-бацæуæнтæ аразунæн. Сæйрагдæр ба е æй, æма си ес алæмæти адæймагон капитал. Цæгат Кавказ æй еунæг уæхæн регион, кæцими хъæбæр бæрзонд бæрцитæй фулдæрæй-фулдæр кæнуй цæрæг адæми нимæдзæ.

Уотæ бахангæ кодта Уæрæсей Хецауади сæрдари хуæдæййевæг **Александр Новак**, Кавказаг инвестицион форуми пленарон æмбурдæн разамунд дæтгæй æ радзубандий. Уой хæццæ ба ма загъта:

– Дæс анземæй фулдæр рæстæги дæргъци æнхæстгонд цæуй Цæгат-Кавказаг федералон округи райрæзти паддзахадон программæ. Уæдта хецауади сæрдар уæлдай лæмбунæг цæстдардæй ауодуй аци регионбæл. Æ бафæдзæхстæй 2021 анзи арæзт æрцудæнцæ цæгаткавказаг регионти экономикон райрæзти сæрмагонд фæткитæ. Цæгат Кавкази исонибони туххæй ку дзорæн, уæд федарæй зæгъун æнгъезуй уотæ, æма ин ес еугур фадуæттæ дæр æ райрæзти нæуæг, бæрзонддæр къæпхæнмæ исхезунæн, еугур социалон-экономикон райрæзти сæрмагонд фæткитæ. Цæгат Кавкази исонибони туххæй ку дзорæн, уæд федарæй зæгъун æнгъезуй, ес ин еугур фадуæттæ дæр æ райрæзти нæуæг, бæрзонддæр къæпхæнмæ исхезунæн, еугур социалон-экономикон æма къабæзти æнтæстдзийнæдтæй баскъуæлхунæн. Уæрæсей Хецауади 'рдигæй ба тæккæ гъæугæдæр хузи агъазгонд цæудзæнæй, цæмæй регион уа æдас æма æнцонфадуатгин, цæрунæн дæр бæлдтаг куд уа æма ардæмæ цæунæн дæр хиццаг куд уа…

Кавказаг инвестицион форуми туххæй нæ радзоруйнæгтæ хумæтæги нæ райдæдтан Александр Новаки дзубандийæй. Нæ региони абони цардарæзти уавæрти æма æ исонибон æнгъæлæнти туххæй ци загъта, етæ бæлвурдæй рабæрæг æнцæ аци ахсгиаг мадзали.

Аци аллианзон дуйнеуон равдистити архайдта Цæгат Иристони минæвæртти къуар, æ сæргъи нæ республики разамонæг **Сергей Меняйло**, уотемæй. Мадзали архайгутæ æрдзурдтонцæ дуйнеуон инвестицион æмархайди ирæзтбæл, ахсгиагдæр регионалон проекттæ цардмæ рауадзунбæл, экономики сæйрагдæр къабæзти гъомусадæбæл бафтауни ахедгæдæр мадзæлттæбæл.

Еци еугур гъуддæгутæ айдагъ абони арæзт не 'рцæуидзæнæнцæ. Сæ фулдæремæн сæ ахедундзийнадæ уæхæн æй, æма сæ исаразун ахсгиаг уодзæнæй исонибони дæр, – гъома, уонæбæл бакосунæй ихæсгин уодзæнæнцæ исуйнаг фæлтæртæ дæр.

Уомæ гæсгæ сæрмагонд нисанеуæги хузи рауадæй, форуми агъазиау программæ «Фæсевæди бон», зæгъгæ, мадзалæй ке байгон æй, е дæр. Уæд косун райдæдтонцæ регионтæ æма компанити экспозицитæ дæр. Уони хæццæ – Цæгат Иристони стенд.

– Аци анз форуми сæйраг номæвæрд æй – «Инвестицион райрæзт: евгъуд, абони, исонибон». Уой зæрдæбæл даргæй, цæгатиристойнаг стентбæл алæмæттаг æма урух æвдист æрцудæнцæ, райрæзти ахсгиагдæр программитæ республики куд æнхæстгонд цæунцæ, уæдта хæстæгдæр æнзти ци агъазиау проекттæбæл цæудзæнæй берæвæрсуг куст, уой фæдбæл дзорæг хабæрттæ.

Цæгат Иристони идарддæри экономикон райрæзти пъланмæ ци ахедгæ инвестицион проекттæ хаст æрцудæй, етæ сæ бунат иссирдтонцæ, куд регионы стентбæл, уотæ сæрмагонд буклети дæр (бацæттæ 'й кодтонцæ нæ республики экономикон ирæзти министрадæ æма равдиститæ æма презентацити республикон Фонд).

Регион форуми архайгути размæ рахаста фондз æма инсæй ахсгиаг инвестицион проекти (уонæй еуетæбæл нерæнгæ куст цæуй, иннетæмæ ба бавналдзæнæнцæ хæстæгдæр рæстæги). Амунд проектти еумæйаг аргъ æй астинсæй миллиард сомей бæрцæ. Сæ номхигъди æнцæ: курорт «Мамисон», фæлладуадзæн тæлмæ «Кармадон Village», IT-гъæу, ниуазæн дон «Aurus»-и завод æма æндæртæ. Еци проектти фæрци хæстæгдæр æнзти республики уæлæнхасæн фæззиндзæнæй авд мин косæн бунати. Уомæй уæлдай, цæгатиристойнаг экспозиций иуазгутæн адтæй, регион культури, спорт æма иннæ къабæзти ци æнтæстгин архайд кæнуй, уой базонуни фадуат дæр. Ке зæгъун æй гъæуй, форуми архайгутæн адтæй нæ национ алæмæти хуæруйнæгтæй исахуадуни фадуат...



Михаил МИШУСТИН æма Сергей МЕНЯЙЛО Кавказаг инвестицион форуми Цæгат Иристони равдисти рази.

Дуйнеуон равдистити программæ гъæздуг адтæй аллихузон ахедгæ мадзæлттæй – пленарон æма секцион сесситæ æма семинартæ, презентацитæ, Цæгат Кавкази социалон-экономикон райрæзти хецауадон къамиси æмбурд… Уой хæццæ, форуми архайæг регионтæ æма компанитæн уæлдай ахсгиагдæр адтæй исонибони проекттæмæ агъазиау инвесторти æргом раздахун, æмгустади бадзурдтæ бафинсун.

Уæхæн нисантæбæл бакустонцæ Цæгат Иристони делегаций иуонгтæ дæр. Зæгъæн, республики экспозиций фæзуати ци берæ фембæлдтитæ адтæй, уонæй цалдæрей кæронбæттæн иссæй берæ бæлвурд бадзурдтæ арæзт ке æрцудæй, е. Зæгъæн, Цæгат Иристони разамунд æмгустади бадзурдтæ ифедар кодта Санкт-Петербурги паддзахадон технологон институти, компанитæ «Ozon» æма «Газпром межрегионгаз»-и, Уæрæсей Æфснайæн æма Гъæууонхæдзарадон банкти, Республикæ Дагестани Хецауади æма ма форуми иннæ архайгутæй кедæрти хæццæ.

Форуми архайуни ахедундзийнади туххæй дзоргæй, Сергей Меняйло куд фæббæрæг кодта, уотемæй уой фæзуати цæгатиристойнаг делегаций иуонгтæн адтæй берæ пайдайаг фембæлдтитæ:

– Агъазиау федералон компанитæ æма æндæр структурити хæццæ бадзубанди кодтан нæ идарддæри еумæйаг æмархайдбæл. Зæгъæн, Санкт-Петербурги паддзахадон технологон университети хæццæ бакосдзинан республики наукон-æртасæн æма ахурадон гъомус бæрзонддæр кæнунбæл, компани «Газпром межрегионгаз»-и хæццæ – идæрддзæф æма хуæнхаг гъæути газификацибæл. Æфснайæн банки хæццæ – регионы ахсгиагдæр инвестицион проекттæбæл, Гъæууонхæдзарадон банки хæццæ ба – агропромышленнон комплекси идарддæри ирæзтбæл. Уæхæн фæтки бундорбæл æмархайд кæндзинан фонд «Росконгресс» æма æндæр компанити хæццæ дæр…

Куд зонæн, уотемæй Кавказаг инвестицион форум арæзт цæуй Уæрæсей Президент **Владимир Путини** унаффæй. Аци дуйнеуон равдист алли анз исуй Цæгат Кавкази федералон зилд æма иннæ уæрæсейаг регионти идарддæри социалон-экономикон райрæзтбæл, ахедгæ инвестицион проекттæ цардмæ рауадзунбæл лæмбунæг дзубанди кæми фæууй, уæхæн фæзуат.

* * *

Форуми кæронбæттæни бони Цæгат Иристони экспозици бабæрæг кодта Уæрæсей Хецауади Сæрдар **Михаил Мишустин**. Бæсти премьер-министр аккаг аргъ искодта республики инвестицион гъомусæн, зæрдæ байвардта идарддæри берæвæрсуг агъазæй.

Цæгат Иристони экономикон райрæзти пълани угæвæрдтæ æма республики ахедгæдæр инвестицион проектти туххæй Михаил Мишустинæн лæмбунæг радзурдтонцæ **Сергей Меняйло** æма регионы Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис**.

Республики идарддæри экономикон райрæзти пъланмæ ци ахедгæ инвестицион проекттæ хаст æрцудæй, етæ сæ бунат иссирдтонцæ стендбæл. Регион форуми архайгути размæ рахаста 25 ахсгиаг инвестицион проекти (уонæй еуетæбæл нуриуæнгæ куст цæуй, иннетæмæ ба бавналдзæнæнцæ хæстæгдæр федæни). Амунд проектти еумæйаг аргъ æй 16 миллиард сомей бæрцæ. Сæ нимæдзи: курорт «Мамисон», фæлладуадзæн тæлмæ «Кармадон Village», IT-гъæу, ниуазæн дон «Aurus»-и завод æма æндæртæ.

Фæстæдæр Михаил Мишустини разамундæй арæзт æрцудæй Цæгат Кавкази федералон зилди идарддæри социалон-экономикон райрæзти фæдбæл хецауадон къамиси æмбурд.

Фембæлди райдайæни премьер-министр куд фæббæрæг кодта, уотемæй форум иссæй, инвестортæн, амалгъонтæ æма хецауадзийнади оргæнти минæвæрттæн æмархайди фарстатæбæл, ахедгæ проекттæ цардмæ рауадзунбæл дзубанди кæми рауайуй, уæхæн фæзуат.

Цæгат Кавкази федералон зилди ирæзти нисантæбæл докладтæ искодтонцæ Уæрæсей экономикон ирæзти министр **Михаил Решетников**, арæзтадæ æма цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради министр **Ирек Файзуллин**, энергетики министри хуæдæййевæг **Петр Конюшенко**, компани «Россети»-й правлений сæрдар **Андрей Рюмин**, компани «Газпром межрегионгаз»-и генералон директор **Сергей Густов** æма æндæр федералон ведомствити минæвæрттæ. Уони докладтæ банхæст кодтонцæ Цæгат Кавкази регионти разамонгутæ…

Куд зонæн, уотемæй кавказаг инвестицион форум арæзт цæуй Уæрæсей Президент **Владимир Путини** унаффæй. Аци хатт равдистити архайгути нимæдзæ 4 минемæй фæффулдæр æй. Етæ адтæнцæ уæрæсейаг регионтæ æма 30 фæсарæйнаг бæстити минæвæрттæ…

**Æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади Еугурдуйнеуон организаци 1988 анзи æ унаффæй 31 май иснисан кодта, куд æнæ тамакуйæй Еугурдуйнеуон бон. Æма уомæй тамаку минкъийдæр думун байдæттонцæ?..**

*уой размæ анзи хæрзтæй 8,7 проценти фулдæр. Æхцатæ харзгонд цудæнцæ, медицинон амунддзийнæдтæмæ гæсгæ дзæбæх кæнунмæ æндæр сахартæмæ æрвист ка цудæй, еци сæйгитæбæл, дохтиртæ æма медицинон косгути миздбæл, амбулаторий уавæрти сæйгити дзæбæх кæнуни мадзæлттæбæл, профæркæститæ æма æндæр нисантæбæл.*



**РЕСПУБЛИКÆ ЦÆГАТ ИРИСТОН-АЛАНИЙ 2025 АНЗИ ЯНВАРИ-МАРТЪИЙ СОЦИАЛОН-ЭКОНОМИКОН УАВÆР**

# АБОНИ ÆНТÆСТДЗИЙНÆДТИ ХУАРЗÆЙ ХУÆЗДÆР КУД УОНЦÆ ИСУЙНАГ ÆНТÆСТДЗИЙНÆДТÆ...




**Цæгат Иристони промышленности æма инвестицити министр АТАРАТИ Олег (галеуæрдигæй) завод «Сослани æнгурæ» («Радуга») бабæрæг кæнгæй, кустути генералон директор ТАУАСИТИ Эльбруси хæццæ æ дзубанди уæлдай зæрдæхцæуæн адтæй, уомæн æма аци кустуат айдагъ нæ республики нæ, фал Уæрæсей дæр нимад цæуй тæккæ нимаддæр кустуæттæй еуебæл.**

Аци анзи январи-феврали Цæгат Иристони косæндæнтти зелдохи бæрцæ (хе уагъд æвгæд товарти, уæдта хе хъæуритæй æнхæстгонд куститæ æма лæггæдти аргъ, æндæр рауæн æлхæд товартæ уæйæ кæнунæй ист æфтуйаг) рауадæй 64821,1 миллион соми, гъома, фари хæццæ рабаргæй, архайæг æргътæй нимайгæй, 114,8%.

2025 анзи январи-мартъий, 2024 анзи, еци рæстæги хæццæ рабаргæй, промышленнон кустади индекс рауадæй 75,0%.

Листæг хурæ, хурæ æма къирдори кустади бæрцæ ке фæффулдæр æй, уой фæрци пайдайаг къахуйнæгти амалкæнуйнади кустади индекс рауадæй 104,4%.

Фидæй конд уазалгонд, салд хуайраг – 8,2%, иуонгрæуæггæнæн ниуæзтæ – 5,9%, керамикон агоридортæ – 23,9%, æнæ арматурæй къæйтæ, сифтæ æма полимерон пленкитæ – 8,0%, цемент æма бетонæй бæстихæйттæн блоктæ æма æндæр æмбурдгæнæн дзаумæуттæ ба, 24,1% минкъийдæр ке рауагътонцæ, уой фæрци 2025 анзи январи-мартъий хомаг-косæг кустади индекс рауадæй 85,0%.

Электрон тухæ, газ æма дони тæфæй æфсесадæй; уæлдæф кæдзос кæнунæй кустади индекс рауадæй 115,8%.

Донæй æфсесадæй; дон еуварс уадзунæй, гæлдзуйнæггæ æмбурд кæнун æма сæ се 'фснайунæй, цъумурдзийнæдтæ еуварс кæнуни фæдбæл архайдæй кустади индекс рауадæй 44,5%.

2025 анзи январь-мартъий экономикон архайди хузæ «Арæзтадæ»-мæ гæсгæ æнхæстгонд кустити бæрцæ рауадæй 4527,7 миллион соми, гъома, фари хæццæ рабаргæй, рабаргæ æргътæй нимайгæй,74,1%.

2025 анзи январи-мартъий исаразтонцæ 199689 квадратон метри цæрæнуæттæ (рæзæдонæ дзæхæратæ дарунæн, зæнхи хæйттæбæл арæзт хæдзæрттæ дæр нимайгæй), гъома, 2024 анзи еци рæстæги хæццæ рабаргæй, 12,1% минкъийдæр. Хецæн адæймæгутæ ке исараздонцæ, еци хæдзæртти хай еугур цæрæнуæтти бæрцæй рауадæй 46,3% (еумæйаг фæзуатæй 92504 квадратон метри, гъома, фари хæццæ рабаргæй, 16,1% фулдæр).

Рагагъоммæ бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, 2025 анзи январи-мартъий еугур гъæууонхæдзарадон кустуæтти кустади бæрцæ рауадæй 4903,0 миллион соми, гъома, 2024 анзи еци рæстæги хæццæ рабаргæй, æргътæй нимайгæй,101,3%.

Ранимадмæ гæсгæ, 2025 анзи мартъий кæрони еугур хузти хæдзарæдти адтæй сторвонси 99,1 мин сæри (гъома, фари хæццæ рабаргæй, 02,5 минкъийдæр), анæй гъоцитæ адтæнцæ 42,1 мин сæри (0,9 минкъийдæр), хутæ – 8,7 мин сæри (35,9% минкъийдæр), фустæ æма сæгътæ – 86,5 мин сæри (38,4% минкъийдæр), мæргътæ – 1165,5 мин сæри (1,8% фулдæр). 2025 анзи мартъий кæрони, 2024 анзи еци рæстæги хæццæ рабаргæй, гъæууонхæдзарадон кустуæтти сторвонси нимæдзæ 15,1% фæмминкъийдæр æй, гъоцити нимæдзæ фæмминкъийдæр æй 17,0%, фустæ æма сæгъти нимæдзæ – 26,9%, мæргъти нимæдзæ ба 35,9% фæффулдæр æй. 2025 анзи январи-мартъий еугур хузти хæдзарæдтæ, ранимадмæ гæсгæ, æвгæрдунæн рауагътонцæ 8,2 мин тонни фонс æма мæргътæ (уодæгас уæзæй нимайгæй), 35,8 мин тонни æхсир, уæдта 18,8 миллион айки).

2025 анзи мартъий кæрони, фари хæццæ рабаргæй, фонс æма мæргътæ æвгæрдунæн (уодæгас уæзæй нимайгæй) рауагътонцæ 0,4%, æхсир – 16,4%, æйкитæ ба – 52,3% фулдæр.

2025 анзи январи-мартъий архайди еугур хузти кустуæтти автомобилон транспорти уæзти зелдохи бæрцæ рауадæй 2279,3 мин тоннæ-километри, гъома, 2024 анзи еци рæстæги хæццæ рабаргæй, 1,1% фулдæр. Еци рæстæгмæ бæлццæнтти зелдохи бæрцæ 7,9% фæмминкъийдæр æй.

2025 анзи январи-мартъий розници базаради зелдохи бæрцæ рауадæй 47230,4 миллион соми, гъома, фари хæццæ рабаргæй 105,3% (2024 анзи январи-мартъий – 106,6%). Базарадон косæндæнтти æма базари æндæргæй архайæг индивидуалон амалеуæггæнгути зелдохи бæрцæбæл бафтудæй 4,0%, розници базартæ æма армукъати ба товартæ уæйæгонд æрцудæй 8,8% фулдæр.

2025 анзи январи-мартъий æхсæнадон хуæлци зелдохи бæрцæ рауадæй 2488,9 миллион соми, гъома, фари хæццæ рабаргæй, рабаргæ æргътæй нимайгæй, 115,4%.

2025 анзи январи-мартъий оптон базаради зелдохи бæрцæ рауадæй 14573,0 миллион соми, гъома, фари хæццæ рабаргæй, 23,2% минкъийдæр.

2025 анзи январи-мартъий адæмæн æхцабæл лæггæдти зелдохи бæрцæ рауадæй 10783,4 миллион соми, гъома, фари хæццæ рабаргæй, 23,2% фулдæр.

2025 анзи мартъий кæрони, 2024 анзи декабри хæццæ рабаргæй, товартæ æма лæггæдти фæлхасадон æргътæбæл бафтудæй 3,0%, уой хæццæ хуайраги æргътæбæл – 4,4%, промышленнон товарти æргътæбæл – 1,4%, лæггæдти æргътæбæл ба – 2,5%.

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Финансти министради бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, 2025 анзи январи-феврали республики еугонд бюджет æнхæстгонд æрцудæй 1031,5 миллион сомей бæрцæ кадавари хæццæ (2024 анзи январи-феврали ба – 27,5 миллион сомей бæрцæ профицити хæццæ). 2025 анзи январи-феврали кустуæтти рабаргæ финансон бæрæггæнæн (æфтуйагæй хæрзтæ рагæлдзгæй) æвæрцаг уагæй, æ бæрцæ адтæй 1062,8 миллион соми. 2025 анзи январи-феврали æфтуйагæй фулдæр ке хæрзтæ 'нцæ, 2025 анзи январи-феврали уæхæн кустуæтти бæрцæ, 2024 анзи январь-феврали хæццæ рабаргæй, 0,6 процентон хаййи фæмминкъийдæр æй æма рауадæй 38,4%.

2025 анзи январи-феврали хумæтæги рæстæмбес нимад мизди бæрцæ рауадæй 49129,3 соми, гъома, евгъуд анзи январи-феврали хæццæ рабаргæй, 15,6% фулдæр. Æцæг мизди бæрцæ рауадæй 105,5%.

Ке æмгъуд райевгъудæй, экономикон архайди æртæстгонд хузти косæндæнтти мизди уæхæн ихæс (минкъий амалеуæгади субъекттæй фæстæмæ), аци ихæси туххæй бæрæггæнæнтæ бавдесæг косæндæнтти 2025 анзи 1 апърели нæ адтæй.

2025 анзи январи-феврали цæргути нимæдзæй фæгъгъудæй 180 адæймаги, 2024 анзи январи-феврали ба – 130 адæймаги. Райгурæг сувæллæнтти нимæдзæ фæмминкъийдæр æй 5,1%, рамæлæг адæми нимæдзæ ба рауадæй 0,7% минкъийдæр. Рамæлæг адæми нимæдзæ рауадæй райгурæг сувæллæнтти нимæдзæй 16,4% фулдæр, фари хæццæ рабаргæй, январи-феврали ба – 11,3% фулдæр. 2024 анзи январи-феврали хæццæ рабаргæй арæзт къайæдти нимæдзæ 12,9% фæффулдæр æй, ихæлд къайæдти нимæдзæ ба 43,4% фæмминкъийдæр æй.

2025 анзи мартъий кæрони Республикæ Цæгат Иристон-Аланий адæмæн кустдæттæг Комитети регистрацигонд æгуст адæми нимæдзæ рауадæй 1938 адæймаги, гъома, фари хæццæ рабаргæй, 22,7% минкъийдæр. 2025 анзи феврали кæрони косæг адæми нимæдзæй официалон уагæй регистрацигонд æгуст адæми бæрцæ рауадæй 0,6%, 2024 анзи амунд рæстæг ба – 0,8%.

*«Цæгат Кавказстат»-и Республикæ Цæгат Иристон-Аланий управлени*

**АХСГИАГ МАДЗАЛ**

## НÆ ФИДИБÆСТИ ÆДАСДЗИЙНАДИ СÆРБÆЛТАУ

«Информацион тугъдади терроризми идеологимæ нихмæлæуддбæл æма экстремизм ма 'руадзунбæл алливæрсуг куст: уæрæсейаг æма фæсарæйнаг фæлтæрддзийнадæ, нæуæг фæрæзнитæ æма хатдзæгтæ» – уæхæн темæбæл наукон-практикон конференци цæуй ЦИПУ-и. Æ исаразгутæ – Цæгат Иристони Национ политикæ æма æндагон бастдзийнæдти министрадæ æма Цæгат Иристони паддзахадон университет.

Уæрæсе берæнацион паддзахадæ ке æй, уомæ гæсгæ си фæззиннуй нихмæлæудтитæ, историон, социалон-экономикон æма политикон разæууæлтæ кæмæн ес, уæхæнттæ. Уони фæстеугутæ ба æнцæ терроризм, экстремизм, æхсæнадæ æма паддзахадæн тæссаг ка æй, уæхæн фæззиндтитæ, уомæн æма, сæхе сæрмагонд идеологимæ гæсгæ, сæдæ, мингай адæмти сæртæ «разелун» кæнунцæ. Кæд коммæ нæ, уæддæр нуриккон информацион фæрæзнити агъазæй сæ ардауæн миутæ кæнунцæ нацитæ æма динти нихмæлæуди.

Аци æма æндæр цæмæдесаг фарстатæбæл дзубанди цудæй наукон-практикон конференций. Байгон æй кодта Координацион центри разамонæг, философи æма политологий кафедри сæргълæууæг, профессор **Дзæхати Ларисæ**.

Конференций архайгутæн, кæцитæн сæ фулдæр адтæнцæ студенттæ, зæрдиагæй райарфæ кодта нæ республики национ политикæ æма æндагон бастдзийнæдти министр **Бæгъиати Алан**. Æ радзубандий куд базахæ кодта, уотемæй Уæрæсей гъомусдзийнадæ, æ экономикон æнтæстгин ирæзтæн уæн ес, æхсæнади сабурдзийнадæ, хæлар рахастдзийнæдтæ федар æма цардгъон ку уонцæ, айдагъдæр уæд.

Терроризми идеологимæ нихмæлæуд куд ахсгиаг æй, уæлдайдæр ба – ирæзгæ уодти меддуйне багъæуай кæнунæн, уой туххæй адтæй æ радзубанди ЦИПУ-и проректор, профессор **Тенгиз Тиникашвилийæн**.

Цæгат Иристони Сæргълæууæги размæ терроризми нихмæ архайди фæдбæл Къамиси нимæрдар **Вадим Лесь** ба æ радзубандий фулдæр æргом раздахта, кæстæрти раст гъомбæл кæнуни гъуддаги цæйбæрцæбæл ахедгæ æй, ци бийнонти, ци хестæрти 'хсæн ирæзунцæ, уомæ.

Конференций ма цæмæдесаг докладтæ искодтонцæ историон наукити доктор **Дудайти Альберт** æма иннæ ахургæндтæ.

**Æнæнез хуæлцади æма хуæрди уæлдайдзийнæдтæбæл батобæ кæнуни бон бæрæггонд цæудзæнæй авдисæри, 2 июни. Заманай равгæ, ци хуæрæн æма куд хуæрæн, уомæ 'ркæсунæн.**

***Константин УШИНСКИЙ (1823-1871), финсæг, педагог: «Силгоймагæн æ зунди гъомади нæ, фал æ удиконди æрдзи æфснайд æнцæ сувæллæнтти гъомбæл кæнуни алæмæти фæрæзнитæ. Тергадий æмбурд кæнунгъондзийнадæ, дурусдзийнадæ, гъæддухдзийнадæ,***



*Дуйнеи еугур адæмихæттитæмæ дæр сувæллон хъæбæр бæрзонд цæстиварди ке æй, уоми дессагæй неци ес. Уомæн æма алкæмæн дæр лæдæрд æй, сæ кæстæртæ сæ нифс æма зæрдæдарæн, сæ исонибон ке ’нцæ, е. Уой еугурæй дæр берæвæрсугæй æвдесунцæ сæ адæмон исфæлдистади. Уой фæдбæл мах адæммæ дæр ес берæ аллихузон цæмæдесаг таурæхътæ æма хабæрттæ, кæцитæй абони цалдæр мухур кæнæн. Ка ’й зонуй, кæцидæрти си фегъустайайтæ, фал уоййасæбæл зундамонæн æй сæ медес, æма уин сæ цæмæй уæ зæрдæбæл æрлæуун кæнæн, уой аккаг æнцæ, ка сæ некæдма фегъуста, етæ ба сæ нур базондзæнæнцæ. Æма, ка ’й зонуй, зундихуасæн син исбæздзæнæнцæ.*

ар итигъд будури берæ фæеццудæнцæ. Бафæлладæнцæ, фал уæлдай хъæбæрдæр ба истухстæнцæ æнæ донæй. Сор будури нæ мæскъи донбæл исæмбалдæнцæ, нæ – сауæдонæбæл, нæ – цъайбæл, æма æдонугæй сæ хъаурæ тадæй, сæ нифс састæй. Зæрондæй-æригонæй, устурæй-минкъийæй дзой-дзой кæнгæ цудæнцæ, бурдæнцæ размæ. Кумæ адтæй сæ балци, е дæр си феронх æй, айдагъдæр ма агурдтонцæ дон.

Æма еууæхæни бахъæрдтæнцæ надгæрон зæронд цъаймæ. Дон си исистонцæ æма ибæл хæлæф кодтонцæ. Сæ еци зуди фудæй си феронх æй, сæ уæрдуни минкъий æртæанздзуд сабий дæр ма ке ес æма е дæр æдонугæй ке мæлуй, е. Сæ зæрдæбæл ку æрбалæудтæй, уæд ма имæ дон бæргæ баскъафтонцæ, фал е уæдмæ æ уод исиста. Адæм фæккуддæр æнцæ, се ’донуг ке исуагътонцæ, уой æхцæуæндзийнадæ дæр син æрбайсавдæй. Берæ фæффæсмон кодтонцæ, фæммæтæ кодтонцæ, уæдта рахастонцæ уæхæн унаффæ: «Абонæй фæстæмæ дон ниуазгæ уæд кæстæрæй, цæмæй уæхæн бæлах макæдбал æрцæуа!..»

Еци гъуди рахæлеу æй еугур адæмбæл дæр, берæ æности дæргъи фæлтæрæйфæлтæрмæ нимайунцæ æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг æма табуйаг фæткæбæл, æма уомæ гæсгæ нæмæ дон ниуазгæ æй кæстæрæй.

та. Кизгæ ин æ лæмæгъдзийнадæ базудта æма си гириз кодта. Еууæхæни ин гъазгæй уотæ зæгъуй:

– Дæ мади зæрдæ мин æрбахæссæ, æма дин бакомдзæнæн.

– Мæ мади зæрдæ?! Гæрр, е ба куд?!

– Рамарæ ’й æма…

Уосгор лæхъуæн кизги дзубанди æцæг бангъалдта æма катаййи бацудæй. Фал кизгæмæ е ’нкъарæнтæ уоййасæбæл тухгин адтæнцæ, æма æ мади рауæлдай кодта.

Зир-зиргæнгæ æ мади зæрдæ фæхххæссуй æгъатир æма фудзунд кизгæмæ. Уæд дин æ къах ку искъуæридæ æма размæ ку бахауидæ... Мади зæрдæ имæ дзоруй:

– Дæхе ма ниццæвæ, мæ бæдолæ...

Лæхъуæн еци загъдмæ уайтæккæ дæр æрбарвонг æй, æ кеми æрцудæй, ци бакуста, уой балæдæрдтæй æма æ фурфæсмонæй æхе билæй рагæлста.

### АЛКЕДÆР Æ АМОНДМÆ ГÆСГÆ ЦÆРУЙ

Паддзахмæ, дан, еу уосæ агъазгор бацудæй. Æма ’й паддзах фæрсуй:

– Хуарз уосæ, æма дин неке ес, мæнæй æндæр дин ка фæййагъаз кæна, уæхæн? Цæуæт, хæстæгутæ?..

# КÆСТÆРТÆБÆЛ ÆНОВУДÆЙ АУОДÆ ÆМА

*Æма æцæгæйдæр еци фæткæ нæ адæмæн бундорæвæрæг ке адтæй рагон дзамантæй фæстæмæ, кæстæри багъæуай кæнун æма ин æ райдаст исонибони сæрбæлтау удуæлдайæй фæхъхъиамæт кæнун, уомæн æвдесæн – Задæлески Нанай æскъуæлхтдзийнадæ.*

### ЗАДÆЛЕСКИ НАНА

Дигоргоми Задæлески гъæуи фарсмæ лæгæти ес ковæндонæ. Æ кой ин, æвæдзи, алкедæр фегъустайдæ, æ равзурд дæр, нæ зæрдæ дарæн, беретæ зондзæнæнцæ. Фал уин уæддæр Задæлески Нанай хабар цубурæй уæ зæрдæбæл æрлæуун кæндзинан.

Цæветтонгæ, цуппæрдæсæймаг æноси кæрони игъустгонд тугъдон балхон Тимур (Тамерлан) дуйней берæ паддзахæдтæ æрсаста, зинг бафтудта æнæгъæнæ Кавказбæл. Æ фидбилиз бацарæфтуд кодта кæддæри федар æма тухгин Аланти паддзахади дæр. Æ будурти ин æ сахартæ æма гъæутæбæл дор дорбæл нæбал ниууагъта, адæми цагъта устурæй-минкъийæй, зæрондæй-æригонæй. Æ фудæнхæ бахъæрдтæй Дигоргоми бацæуæнтæмæ дæр. Адæмæй ма цардæгасæй ка райервазтæй, етæ сæхе байстонцæ хуæнхтæмæ.

Еци рæстæги, адæми фарнæ æма Хуцауи хуарзæнхæй хайгин алайнаг силгоймаг, куддæртæй уодæгасæй байзадæй æма знаги сосæггæй æмбурд кæнун байдæдта, бунихæлд æма æдзæрæг гъæути æма сахарти æвæгæсæг ци седзæр сабийтæ байзадæнцæ, уони. Æ уоди гъарæй сæ барæвдудта, цидæр бузуртæ сæбæл багæлста, хуæрүйнагæй сæ фегъæстæ кодта æма сæ уæди рæстæги æдасдæр рауæнмæ – Дигоргоми хуæнхтæмæ æ хæццæ ракодта. Æ сабийти хæццæ æрцардæй агъазиау лæгæти. Нуртæккæ Задæлеск кæми æй, раст еци рауæн. Иссæй син еумæйаг мадæ, хонгæ ба ’й кодтонцæ Нана. Гъæддаг рæзæ æма халсарæй сæ хаста, утемæй сæ исгъомбæл кодта. Уой фæсте, биццеутæ ку ралæхъуæнтæ ’нцæ, уæд уоститæ æрхудтонцæ, кизгуттæ дæр киндзи æрцудæнцæ æма уотемæй гъæутæ исаразтонцæ.

Гъе уотæ еу Хуцауи исконд силгоймаг багъæуай кодта æнæгъæнæ адæми исонибон, æ ном æма е ’скъуæлхтдзийнадæ æностæмæ байзадæнцæ нæ дзилли зæрдити, зартæ æма кадæнгити, фæлтæрæйфæлтæрмæ хуарзæй имисунцæ. Бацудæй нæ адæми мади сорæти, æма ’й алкæддæр кади хæццæ, намуси хæццæ æримисæн.

Задæлески цæргутæн ба еци лæгæт Нанай фæдзæхстмæ гæсгæ иссæй ковæндонæ. Хонунцæ ’й Задæлески Нанай ковæндонæ. Нур си музей дæр искодтонцæ. Алли анз дæр си нæ дзиллæ искæнунцæ кувдтитæ æма æ фарнæбæл сæхе бафæдзæхсунцæ.

*Ку зæгъæн, сувæллон цæмæй райдзастæй æма æнæнезæй ирæза, уомæн нæ фидтæлтæ неци æвгъау кодтонцæ – уой сæрбæлтау адтæнцæ сæ хъиамæттæ.*

### ÆЛДАР ÆМА СУВÆЛЛОН

Еу мæгур лæг исфæндæ кодта æлдари сæхемæ æрбахонун æма ’й фæххинцун. Фæццудæй имæ хонæг. Æлдар ин исарази æй, æцæг ин уотæ загъта:

– Кæд си мæнæй æлдардæр уодзæнæй, уæд дæмæ нæ цæун.

– Нæ, нæ!.. – æ уодæй уод кодта мæгур лæг.

Æрбацудæй æлдар мæгури хæдзарæмæ. Идзаг фингæбæл æй æрбадун кодта лæг. Хуæрун райдæдтонцæ. Уæдмæ иннæ уатæй сувæллони кæун райгъустæй. Æлдар куддæр фæкъкъех æй, уæдта фусунæн еци тингунæй уотæ ку бауайдзæф кæнидæ:

– Æз дæ, мæнæй æлдардæр уæмæ ес, зæгъгæ, нæ фарстон?

– Е сувæллон æй, æлдар.

– Сувæллон æлдарæй æлдардæр æй, – загъта æлдар, исистадæй æма рацудæй.

### ДОН – КÆСТÆРÆЙ

Нæ адæммæ хестæр кадгин æй, æгъдауи бæрзонд æвæрд æй. Уой фæрсунцæ зундæй, фæлтæрддзийнадæй, уой нимайунцæ, уой æргъуди кæнунцæ фиццагидæр алли гъуддаги дæр. Æцæг еунæг гъуддаги ба фиццаг нæ фæууй – дон нæмæ ниуазгæ æй кæстæрæй. Цæмæн? Уой фæдбæл ес уæхæн таурæхъ.

Кæддæр, дан, бæлццон адæми еу къу-

*Сувæллон еудадзуг мади хæццæ ке фæууй, уомæ гæсгæ таурæхътæй беретæ баст æнцæ мадæ æма æ цæуæти медрахастдзийнæдти хæццæ.*

### МАДÆ МАДÆ ’Й

Дзимиргоми дууæ æнсувæремæй кæстæрæн цæуæт нæ адтæй. Уæд еууæхæни хестæр уотæ зæгъуй:

– Кæсун дæмæ, ме ’нсувæр, æма дæ цардæй нецæмæй гъаст кæнис, мæ киндзи хæццæ «а» æма «о»-йæй цæретæ, фал уин æвæстеуатæй зæрондæй зин уодзæнæй… Дæ фарнæ фунæй уæд! Мæнæ бабæй нæхеуон æхсæ барæ нæй. Киндзæн зæгъæ… Ка ин райгура, еци сувæллони нæуæгигурдæй куд фæххæсса… Уæхецæн æй исгъомбæл кæнетæ. Нæхеуони хæццæ æз бадзубанди кæндзæнæн.

Дууæ æнсувæрей фæндæбæл файнотитæ дæр исарази ’нцæ. Утемæй кæстæр æнсувæри бийнонтæ дæр биццеугин бацæнцæ.

Бонтæ, æнзтæ цудæнцæ. Биццеу гъазунгъон фæцæй. Гъазгæ ба æхе æнсувæртæй зæрдиагдæрæй ке хæццæ гъæуама кодтайдæ? Уонæй æй æ къах нæбал хæссидæ.

Уæд еууæхæни биццеуи æвæндонæй æ кæнгæ мадæ сæхемæ ’рбакодта. Фурбоцæн ин гахгун къерей карст æ къохи фæссагъта. Биццеу си искомидзаг кодта æма уотæ зæгъуй:

– Нана, уони къеретæ адгиндæр фæуунцæ.

Уосæ фæккуддæр æй, уæдта æ гъæлæсидзаг никкудтæй:

– Нана дин дæ незтæ рахуæра. Етæ дæ мади конд фæуунцæ, æма мади къохæйдзаг æндæр адæ кæнуй.

Уоййадæбæл æй æ мадæ æма æ фидæмæ фæххудта.

### МАДИ ЗÆРДÆ

Кæддæр мадæн æ биццеу, уосгори карæмæ ку исхъæрдтæй, уæд хъæбæр бауарзта æндæр гъæуккаг кизги. Кизгæ ин неци дзуапп лæвардта. Биццеу æнцойнæ нæбал зудта, зилдæй æ фæдбæл, лигъстæ ин код-



– Куд нæ, куд нæ!.. Авд фурти мин ес, фал сæ фадуæттæ нæ амонунцæ.

– Æма дæ авд фурти цæмæн багъудæй? Мæнæ мæн хузæн еу фурт исхастайсæ æма дæ мæгургор цæун нæ гъудайдæ.

– Дæу хузæн? Æма уæд фурт дæу хузæн паддзахæй игургæ адтæй. Ду дæр дæ лæгдзийнадæй паддзах нæ дæ, фал дæ мадæн ду дæр паддзахæй райгурдтæ. Дæ амонд уæхæн адтæй, æндæр мæ фурттæ дæуæй лæгъуздæр нæ ’нцæ! Фал сæ фидæ зæнхкосæг адтæй. Сæ нивæ уæхæн æй.

Паддзах уоси æргом дзубандибæл арф ниссагъæси ’й, æ зæрдæмæ фæццудæнцæ æма ин фæййагъаз кодта.

*Хестæрти куд нæ фæффæндуй цæмæй сæ кæстæртæ алцæмæй дæр фæррæстмæ уонцæ, адæми ’хсæн се ’гъдауæй федауонцæ, нийиерæг си æхуæдæг дæр боз куд уа æма ин си дзиллæ дæр арфитæ куд кæнонцæ. Мадта кæстæрти уотæ фæффæндуй, цæмæй сæ нийиергутæ дæр кадæ æма ради аккаг уонцæ…*

*хуæрзæгъдаубæл æхцулдзийнадæ, табедзæ, хе даруни ацъагъуæ, адæ æма бустæги фæстаг, сувæллæнтти æрдзæй рахæсгæ уарзтæй уарзун – еугур еци менеугутæ нæлгоймагмæ нæ, фал силгоймагмæ разиннунцæ кæрæй-кæронмæ...»*



### «АБОНИ ДÆР МА КУДТАЙНÆ?»

Еу кизгæ сабий ма ку адтæй, уæд æ цæстæ кæрдæнæй фæссахъат кодта. Æхе лæдæрунгъон ку фæцæй, уæд æ мади фæрсуй:

– Нана, мæ цæстæ ба ци кодта?

– Нана дин дæ незтæ рахуæра! Дæхуæдæг æй, минкъий ма ку адтæ, уæд кæрдæнæй искъахтай, – загъта мадæ.

– Æма кæрдæн мæ къохтæмæ кутемæй бафтудæй? Ци фидбилиз æй æрбахаста мæнмæ?

– Стъолбæл æвæрдæй райзадæй. Ду æй ку фæуууидтай, уæд кæун райдæдтай, нæбал æнцадтæ, радтæ мæмæ 'й, загъгæ. Æма дæмæ 'й равардтон…

– Æма ма абони дæр кудтайнæ?! – арф ниуулæфгæй загъта кизгæ.

### НÆМГÆ НÆ, МАРГÆ!..

Зæронд лæгæн æ дзæхæрай дзæбæх æрзадæй еунæг кæрдту бæласæ. Æ тæккæ цæттæгæнæн афони ибæл еу бон байяфта кедæр биццеуи. Уæлæмæ имæ дзоруй:

– Биццеу, цæмæн мин тонис мæ кæрдтутæ? Еунæг аци бæласæ мæмæ ес, æма ме 'скаст уомæ ку æй, уæд цæмæн уотæ кæнис? Æрхезæ æма дзæбæхæй рандæ уо уæхемæ.

къийæй ардæмæ. Мæхе сабийдоги мæгурдзийнæдтæ гъудигæнгæй, архайдтон, цæмæй син алцидæр уа, мацæмæй гъæуагæ уонцæ. Мæхе ферокс кодтон – алцидæр уонæн. Æма, уæлæ Æхсарони цæуæти хузæн ахур æма размæ цæунбæл ку нихххуæстайуонцæ, уæд фæсмонгонд, бæргæ, нæ уайнæ…

– Асæбе, Æхсарон сæ седзæртæй, æнæ фидæй фæгъгъомбæл кодта. Седзæр цæуæт ба царди уæзæ раги балæдæрунцæ.

– Æма нур мæхе рамарон? – нийнæфтæй Асæбе.

*Нæ адæмон таурæхътæ беретæ 'нцæ зундамонæни хузæн, уæлдайдæр ба кæстæрти гъомбæл кæнуни гъуддаги фæдбæл. Кæстæрæн æнæмæнгæ ци гъæуй, уомæй æй хайгин кæнæ, фал æй æгæр ба имонау ма кæнæ, æ уодигъæдæ ин ма зулунтæ кæнæ, фæсмойнаг уодзæнæ уой фæсте, дæ кæстæртæ æгъдауæй ку нæ фæрræстмæ уонцæ, уæд.*

### ЛÆГЪУЗДÆР МАХМÆ ÆРХАУДТÆЙ

Раздæр хуæнхбæсти ирон адæм устур бийнонтæй цардæнцæ. Цæуæт берæ кодтонцæ. Уидæ уæхæн лæг æма усæ, сæ байзæдтаг дæс æма инсæйемæ кæмæн исхъæртидæ. Авд æма уомæй фулдæр фуртæ кæмæн адтæй, еци бийнонти фæрнгун



# ДÆ ИСОНИБОНИ ÆВÆСМОН УОДЗÆНÆ!..



Биццеу æрхистæй бæласæй æма æдасæй рандæй сæхемæ.

Дуккаг хатт дæр бабæй зæронд лæг æ бæласæбæл байяфта еци биццеуи. Æрхезун бабæй æй кодта æма ин лæдзæгæй æ сунтæ фæхххуаста.

Уæддæр биццеу æ миутæ нæ нииуагъта. Бацудæй бабæй кæрдтумæ æртиккаг хатт дæр. Зæронд лæг дæр бабæй æй байяфта æма имæ тингунæй дзоруй:

– Æрхезæ дæлæмæ, куйии бæдолæ!

– Гъо, æма мæ фæннæмай, – дзуапп ин равардта биццеу.

– Нæмгæ нæ, маргæ! – фæгъгъæр кодта лæг. – Дзурд æма над кæмæ нæ гъарунцæ, е цæрунæн нæ бæззуй æма маруйнаг æй.

### НУР МÆХЕ МАРГÆ РАКÆНОН

Асæбе æ цæуæти фудуаг æма æнæсæрфат миутæй бафæлладæй, кæуни уæнгæ 'й æркодтонцæ æма гъарæнгæгæнæгау æ синхагæн дзоруй:

– Мæ уод мин бахуардтонцæ сæ минхæдзарæ худтонцæ. Авд хуасдзауи, авд гъæддзауи, авд тугъдони ци хæдзари адтæй, е, гъай-гъай, адтæй тæходуйаг, алцæмæй дæр æнхæст: нифсæй, хъауræй, есбонæй. Берæ бийнонтæн æнцондæр рахъæртун адтæй хуæнхаг зин æма æвадуат царди куститæбæл, тухмиуи уагæбæл сæмæ неке æндиудта. Хумæтæги нæ байзадæй загъдæн, еунæг мæгур æй, алкедæр ибæл тухæ кæнуй, загъгæ.

Гъе уомæ гæсгæ хæдзари биццеутæ ралæхъуæнтæ уиуонцæ æма уоститæ корун ку райдайиуонцæ, уæд нæ тагъд кодтонцæ байуарунбæл, бийнонтæй рахецæн унбæл. Цардæнцæ еумæ, сæ куст, сæ хуæрдæ ба адтæнцæ еу. Киндзитæ цæуæт кодтонцæ, сæ гъомбæл кæнун ба фулдæр кастæй нана æма бабамæ. Уомæн æма сæ нииййергути ба еци гъуддагмæ сæхе хæдзари куститæй нæ евдалдæй.

Берæ бийнонти 'хсæн сувæллæнттæ дæр адтæнцæ алли куститæбæл хуæст, æмхузон сæ рæвдудтонцæ, æ бæдолæн си гъолон миутæ неке кодта. Уæлдайдæр ба – сæ фидтæлтæ. Фидæ æ бæдоли æ номæй дæр нæ худта. Дзурдта имæ «биццеу», кенæ «кизгæ». Е нанайæн, бабайæн адтæнцæ «уорс уæрикктæ», фиди уæхæн зæрдихатт равдесун æгъдау нæ уагъта. Æма хатгай биццеу кенæ кизгæ, еумæйаг хæдзари цæргутæй комкоммæ æ нииййергутæ ка 'нцæ, уой базонидæ, иуаргæ ку кæниуонцæ, айдагъдæр уæд.

Еуæхæни, дан, Курттати коми еу устур бийнонтæ иуарунбæл ниллæуудтæнцæ. Гъуддаг æгъдаубæл, æнæзæрдихудтæй рахецæн æй. Фал сувæллæнттæй еу биццеу æ зæрдихалæн кудæй иуаргути æхемæ æркæсун кодта æма 'й бафарстонцæ, ци кæнис, цæбæл кæуис, загъгæ. Биццеу син хæкъурццæй кæугæй уотæ загъуй:

– Лæгъуздæр махмæ æрхаудтæй!..

Иуаргутæ нæ балæдæрдтæнцæ бицнцеуи дзуапп, фал бийнонти хæццæ ку радзубандитæ кодтонцæ, уæд рабæрæг æй, æнсувæртæй еу расугæнагæ ке æй, е. Бицнцеуи зундирахастæй иуаргутæ бийнонти есбонæ нæ иурстонцæ, фал æнсувæрти, æма расугæнагæ уонæмæ æрхаудтæй – æма е ба æ фидæ разиндтæй.

### АЛКЕ ИХÆС ДÆР ÆЙ

Ирон ахургонд æма рабадгæ бицнцеутæ бакъуар æнцæ, райеудагъ син æнцæ дзубандитæ нæ адæми карнæбæл, æ исонибонбæл, цæбæлдæрти еумæйагæй исарази уиуонцæ, цæйдæрти фæдбæл ба сæмæ буцæутæ дæр рауайидæ, уæлдайдæр ба, мæнæ национ идейæ, загъгæ, ке хонунцæ, е циуавæр гъæуама уа, уой койти фæдбæл.

Еци рæстæги сæбæл еу æригон финсæг исцурæвæрæ 'й, æригъуста син сæ дзубандитæмæ, сæ сагъæссæгтæмæ, цæбæлдæрти сæ фæрсгæ дæр ракодта, æма, еуемæн дæр си усæ нæййес, уотемæй зæронд кæнунцæ, загъгæ, уой ку балæдæрдтæй, уæд син тингунæй уотæ бауайдзæф кодта:

– Уæ дзубандитæ ниууадзайтæ, ахургонд адæм ку айтæ, уæд æй нæ зонетæ, цийфæнди гъуддаг дæр уотид уæгъдæ дзубандитæй ке нæ ирæзуй, уой?.. Алкедæр уи усæ ракорæд, тæккæ минкъийдæр æртæ сувæллони рауадзæд, æма сæ Иристони аккаг багъомбæл кæнæд! Е æй уе 'рдзон ихæс, нæ адæми фарнæн райаразуйнаг гъуддæгутæн сæ тæккæ ахсгиагдæр...

### «РОХС ЦАРДИ УАРЗЕТÆ, ЗОНЕТÆ 'Й ЦÆРУН!..

Цийфæнди бæрæгбон дæр дзиллæн зæрдæхцæуæн исуй цийнаг хабæрттæй æма зæрдиаг арфитæй. Уомæ гæсгæ ба нæ райдзастдæр бæрæгбæнттæй еуей, сувæллæнтти гъæуай кæнуни Æхсæндуйнеуон бони фæдбæл нæ дзубандийæн кæронбæттæн кæнæн мæнæ ауæхæн æмдзæвгæй:

Вовиктæ, Толиктæ,
Хасантæ, Хушинтæ,
Батийтæ, Фатъийтæ,
Уотæ æнæ рун!..

Айтæ октябронтæ,
Рохс царди хъæболтæ,
Рохс царди уарзетæ,
Зонетæ 'й цæрун.

Ходетæ, гъазетæ,
Фæндон ирæзетæ;
Цъæх арвæй, рæвдаугæ,
Тавуй уæ гъар хор.

Абетæ, бебетæ,
Ахурмæ тундзетæ,
Ахур цардамондæн.
Ку æй æ бундор.

Зонетæ уе 'хæстæ:
Уарзетæ нæ бæстæ,
Уой ном уæ зæрдити
Даретæ, хорау.

Нæ бæстæ – уæ мадæ,
Амонд, царди радæ;
Уой кадæн уæ тухтæ
Ма кæнтæ æвгъау.

Ма кæнтæ зийнадæ,
Зийнадæ – æгадæ;
Алкæддæр хестæртæн
Дæттетæ æгъдау.

Айтæ хуарз æмгартæ,
Мæнæн – мæ хæлартæ.
Уарзун уи алкедæр
Хуæрæ, æрвадау.

Хуæцгæй кæрæдзебæл,
Размæ æнæдзебæл
Цотæ, царди дуæрттæ
Æнцæ уин игон.

Уарзетæ фæллойнæ,
Исотæ геройтæ,
Бæстæбæл, дуйнебæл
Райгъусæд уæ ном!

Нæ зундгонд публицист æма финсæг Кертанти Тæхир (1922-1992) кæд хъæбæр раги (1959 анзи) нифкинста аци æмдзæвгæ, уæддæр абониккони хузæнæй игъусуй – идзаг æй зæрдæхцæуæндзийнадæй, кæстæртæбæл цийнæдзийнадæй æма уонæй сæрустурдзийнадæй. Уомæн æй равзурстан нæ абони бæрæгбони фæдбæл арфæн. Æма Тæхири загъдæй кæстæртæн зæгъæн: «Рохс царди уарзетæ, зонетæ 'й цæрун!..»

***Къартæ ист æнцæ социалон хизæгтæй.***

***Николай ТИХОНОВ (1896-1979), советон финсæг: «Шолохов æ еугур исфæлдистадæй дæр хаст цæуй, дуйнеуон нæуæг зæгъуйнæгтæ ка загъта, еци дуйнеуон финсгути нимæдзæмæ. Барæ-æнæбари дæр нин нæ фæлгæйнадæ деси ка æфтауй, еци еугур бæрзæндтæй бæрзонддæр иссæнцæ уой уадзимистæ «Тихий Дон» æма «Поднятая целина». Аци номхæссæн киунугутæ еу кæнунцæ царди карз рæстадæ æма зæрдæргом æма кæрæй-кæронмæ аййевадон исфæлдистади уæлиаудæр дæснидзийнадæ.***

# АДТÆЙ ИН ИРИСТОН ХЕУОН,

Советон Цæдеси Паддзахадон телерадио комитети сæрмагонд уацхæсгутæн 1974 анзи Ростови арæзт æрцудæй зоналон æмбурд. Мах республикæй си адтæй зундгонд журналист Шанати Валерий. Еу бон æмбурди архайгути курдиадæмæ гæсгæ си цалдæремæн сæ хæццæ Шанай-фурт дæр, арæзт æрцудæй балци станицæ Вешенскайамæ, уоми ба сæ хæццæ фембалдæй Михаил Шолохов. Берæ фарстатæ имæ равардтонцæ, берæ ахсгиаг фарстатæбæл фæдздзубанди кодтонцæ иуазгутæ æма фусун.

Еци фембæлди фæдбæл Шанати Валерий бацæттæ кодта æрмæг «Донские были…», мухургонд æрцудæй газет «Северная Осетия»-йи 2008 анзи 24 январи. Уордигæй ист æй, мæнæ абони ци æрмæг мухур кæнæн, е дæр.

*Михаил ШОЛОХОВ:*

## «НÆ ЛИМÆНДЗИЙНАДÆ ПЛИТИ ИССИ ХÆЦЦÆ РАХАСТА ХЪÆБÆР БЕРÆ ÆНЗТИ ДÆРГЪИ...»

…Фадуат мин ку фæцæй, уæд бафарстон Михаил Шолохови 1962 анзи Новочеркасски кустуæттæй еуей косгутæ сæ царди уавæртæй бустæги исгъигæ уогæй (нæ фагæ кодта хуæлци берæ хузтæ, æргътæ æгæр исбæрзонд æнцæ), ку исæзманстонцæ, уæд еци цаути инæлар Плий-фурти архайди туххæй. Финсæг мин уæд ракодта мæнæ ауæхæн хабæрттæ: инæлар Плий-фурти æз хуарз зудтон. Хъæбæр устур нимади мæмæ адтæй еци искурдиадæгин æфсæддон разамонæг-интернационалист. Иссæ Александри фурти æз гъуддаги фæуундтон Мæскуй алфамбулай, Нигулæн фронти, Волги рæбунти метæйдзаг итигъд будурти тугъдтити рæстæг. Уой игъустгонд кавалерион рейдтæ знаги фæскъилдунти хаст æрцудæнцæ æфсæддон аййевади историмæ. Хъæбæр устур аргъ ин кодтонцæ æма ’й нимадтонцæ æхе бæгъатæрдзийнади, фæнддфедардзийнади, хебæлхуæцунддзийнади туххæй. Еци менеугутæ бæлвурдæй бавдиста куд Устур Фидибæстон тугъди рæстæг, уотæ, мæнæ Карибаг кризис ке хонунцæ, уой дæргъци.

Куби е разамунд лæвардта советон æфсæдти еугонд къуарæн. Уæди еугур æфсæддон разамонгутæй Н.С.Хрущев равзурста инæлар Плий-фурти æма уомæй, куд рабæрæг æй, уотемæй нæ фæррæдудæй.

Куби ку адтæн, уæд Фидель Кастро хъæбæр бæрзонд аргъ искодта Плити Иссæн: «Е æй искурдиадæгин æфсæддон разамонæг!..»

… Фал раздæхæн Новочеркасски цаутæмæ. Гъуди кæнун уой, æма СЦКП-й Центрон Комитети секретарь А.П. Кириенкой хæццæ дзубандий рæстæг Цæгат Кавкази æфсæддон округи æфсæдти командæгæнæг, æфсади инæлар Плий-фурт федарæй куд загъта: «Сахар Новочеркасски сæрфат æрæвæрун округи æфсæдти командæгæнæгмæ нæ хауй, е сахари æма облæсти разамонгути гъуддаг æй!..» Еци сахат æз рахуæстæн Плий-фурти фарс.


ПЛИТИ Иссæ æма Михаил ШОЛОХОВ.

Хрущев, æвæдзи, балæдæрдтæй, уавæр куд тæссаг æй, уой æма гъæугæ хатдзæгтæ искодта. Е телефонæй исдзурдта Плий-фуртмæ æма ин загъта, цæмæй округи цалдæр æфсæддон дæлхайади æнæ тохæнгæрзтæй рарвета Новочеркасски фæзæбæл æртугул унмæ.

Нæкæси, Генералон прокуратури ес уæхæн документтæ, кæцитæ æвдесæн æнцæ уомæн æма æфсади инæлар Плий-фурт цидæриддæр гæнæн адтæй, уой бакодта, цæмæй фудбæлах ма ’рцæуа, тохæнгарзæй ма ’рцæуа пайдагонд адæми нихмæ.

Бæлвурдæй зундгонд æй, Дони, Кубани, Стъараполи хъазахъæгтæмæ цæйбæрцæбæл бæрзонд нимад адтæй Иссæ Александри фурт, е. Етæ æма Цæгат Кавкази республикити цæрæг адæмихæттити минæвæрттæ æ хæццæ тугъди нæдтæбæл фæццудæнцæ берæ мингай километртæ. Æма е æй, ка ’й зонуй, тæккæ аккагдæр дзуапп, еци новочеркассаг цаути фæдбæл фæлевæн миутæ ка кæнуй, уонæн. Адæм хумæтæги нæ фæззæгъунцæ: «Кæдзосзæрдæ адæймагбæл лæпъæда нæ ниццæфсдзæнæй…»

Нæ лимæндзийнадæ инæлар Плити Исси хæццæ рахаста хъæбæр берæ æнзти дæргъи. Е алкæддæр иссеридæ цалдæр сахатти мæнмæ иуазæгуати фæуунмæ. Вешенскайи хъазахъæгтæ, Плий-фурт мæмæ иуазæгуати ’рцудæй, уой ку базониуонцæ, уæд, куд дини тæккæ цитгиндæр бæрæгбæнтти, уотæ сæ киритæй исесиуонцæ се ’фсæддон дарæстæ, тугъдон ордентæ æма майдантæй фæлуст, уотемæй цудæнцæ сæ тугъдон инæларæн салам раттунмæ, æ къох ин райсунмæ.

Еуцалдæр загъди мæ зæгъун фæндуй ме ’мном, ирон лæг Туйгъанти Никъалайи фурт Михаили – цирки бæхбадæг, бæхбадгути труппи разамонæг, режиссер, Уæрæсей адæмон артисти туххæй дæр. 1927 анзи е исаразта Дони хъазахъаг ансамбль бæхти аттракцион. Еци арфиаг гъуддаги ин æз дæр, мæ бон куд адтæй, уотæ агъаз кодтон.

Устур Фидибæстон тугъди фиццаг бон еци исфæлдистадон къуари еугур артисттæ дæр, сæ сæргъи æхуæдæг Туйгъани-фурт, уотемæй рандæнцæ фронтмæ, знаги нихмæ тох кодтонцæ, инæлар Плий-фурт сæ командæгæнæг, уотемæй.

Тугъди фæсте Михаил Никъалайи фурт мæмæ ахид æрцæуидæ Вешенскаймæ, фембæлийанæ Мæскуй дæр. Мæ хæццæ унаффæ кодта хъазахъæгти цард æма фæткити фарстати фæдбæл.

*ПЛИТИ Иссæ:*

## «ХЪÆБÆР ФЕДАРÆЙ МÆ БОН ÆЙ ЗÆГЪУН: «ШОЛОХОВ АЛКÆДДÆР НÆ ХÆЦЦÆ ÆЙ!..»

Михаил Александри фурт Шолохови хæццæ хæстæгмæ базонгæ дæн 1954 анзи. Уæдæй фæстæмæ иссан хуæрзæрдхуæдтæ, лимæнтæ. Еу æма ’й дууæ хатти нæ бабæрæг кæнинæ Вешенскайи, мадта е дæр, Ростови уогæй, мæнбæл æнæ ’рбаздæхгæ некæд уидæ. Кæрæдзебæл зæрдæй батабедзæ кæнианæ, нæ хабæрттæ радзорианæ, нимадтан кæрæдзей.

Мадта ахид мæ хæдзари телефон нидздзæнгæрæг кæнидæ æма хæтæл ку исесинæ, уæд си райгъусидæ мæ лимæни цийной гъæлæс:

– Дæ бон хуарз, мон шер женераль! Хъæбæр мæ æрфæндадтæй дæ хæццæ радзубанди кæнун…

Михаил Александри фурти хæццæ зæрдиагæй цæбæл раддзубанди кодтайанæ, уæхæнæй ба нин берæ адтæй. Æз æй алкæддæр нимадтон æма нимайун æфсæддон лæгбæл, уæдта федарæй æууæндун, болкъон Шолохов запаси кенæ отставки некæд нецихузи уодзæнæй. Уæдта махæн, дууæ тугъдонемæн ба, тугъд ци ’й, уой хуарз ка зудта, тугъдон адæймаги уодисконд æхе царди хузæн ка лæдæрдтæй, уонæн ба сæ кæрæдземæн сæ сагъæстæ æма гъудитæ раргом кæнунæн цитæ бавзурстонцæ, уони æримисун уæлдай ахсгиаг фæууй.

Æ роман «Тихий дон» дуйней рохс ку фæуундта, уæд Белоруссий командæ кодтон æфсæддон зилди кубайнаг хъазахъаг бæхгин полккæн. Мæ зæрдæбæл ма лæууй, нæ еугуремæн дæр куд æхцæуæндзийнадæ хаста, æфсæддонтæй зæгъун, еци зæрдæбæлдаргæ роман. Берæ аллихузон дзубандитæ кæд рауайидæ æ фæдбæл, уæддæр еугурæй дæр кæсгутæ æрцæуиуонцæ еумæйаг хатдзæгмæ: аци уадзимис æй ирд, хевæрцон. Беретæ ни æ роман æвардтонцæ Л.Н.Толстойи роман «Война и мир»-и æмрæнгъæ. Кæддæр нæ фембæлди дзубандигæнгæй ин бакой кодтон еци гъуди. Финсæг байдзулдæй, уæдта еци цæхгæрæй загъта:

– Æз алкæддæр мæхе ахур кодтон æма кæнун Толстойи исфæлдистадæбæл фал «Тихий Дон» æма «Война и мир» æмвæрстæ æрæвæрун ба, Иссæ Александри фурт, æгæргомау æй.

Михаил Александри хуæдæфсармæдзийнадæ нæ еугуремæн дæр зундгонд адтæй. Мадта æ хæццæ естæбæл буцæу кæнун дæр æнæпайда гъуддаг адтæй: Æ бон арæхстæй кæцифæнди хузи фарстатæбæл дзоргæй дæр æ нихмæдзорæги къуммæ батæрун. Æ зæгъуйнæгтæмæ гæсгæ еуцæйбæрцæдæр сидзмудзитæ кæнгæй. Уæддæр æз мæхе гъудибæл хуæцгæй байзадтæн: дууæ устур финсæгей устур романтæ æмуæзæ ке ’нцæ, уой фæдбæл, уомæн æма сæ дууеми дæр адæми царди арфдзийнæдтæ æнхæстæй æма лæмбунæгæй æвдист цæунцæ.

Куд неке, уотæ арæхстæй не ’мзæнхон тугъди туххæй финсун дæр. Мæ финсæн стъолбæл лæууй тæнæггомау киунугæ «Они сражались за Родину». Финсун æй райдæдта тугъди рæстæги æма ма ибæл косуй уæдæй фæстæмæ. Мах, тугъдонтæ хъæбæр лæмбунæг кастан, газет «Правда»-йи ци скъуддзæгтæ мухургонд цудæй, уони. Нæ еугуремæй дæр æруагæс кодта, мах туххæй финст ке ’й, еци гъуддаг. Уæдæй ардæмæ цал æма цал анзи рацудæй, фал уæддæр фæстæмæ раздæхун мæ зæрдтагон æрдхуарди финст романи сифтæмæ, мæ зæрдæбæл æрлæууунцæ, цитæ æвзаргæ нин рауадæй, еугур еци хабæрттæ æма цаутæ, нæ зинтæ æма нæ цийнитæ. Еци рæстæг мæ хъæбæр æрфæндуй, æцæг æфсæддон хъурийæй нихъхъури кæнун Михаил Александри фурти æма ин зæрдибунæй райарфитæ кæнун, ци алæмæти агъазиау куст бакодта, уой туххæй.

Мæ меднимæр ахид фæгъгъуди кæнун, Шолохов уотæ ’нхæстæй кæми базудта æфсæддон цард? Æма æрцæун уæхæн хатдзæгмæ: Шолохов уотæ зæрдагайгæ ци драмон цаути туххæй финсуй, уонæми æхуæдæг коммæ архайæг адтæй.


Æфсæддон уацхæссæг Михаил ШОЛОХОВБÆЛ Устур Фидибæстон тугъди рæстæг, куд тæккæ хеуондæр адæймагбæл, уотæ исæмбæлиуонцæ æфсæддон хæйтти.

Æнæгъæнæ Уæрæсей дæр 6 июни бæрæггонд цæудзæнæй Пушкини бон. Советон доги аци бæрæгбон райдайидæ Цæгат Иристони аллихузон литературон мадзæлттæй.

# АДТÆЙ ИРИСТОНÆН ХЕУОН!..

Дони Советон хецаудзийнадæ æрфедар кæнунбæл уæззау тохтæ ку цудæй, уæд æригон Михаил адтæй хуæлцæй ефтонггæнæг къуари тугъдон. Дзæвгарæ нæдтæбæл рацудæй, уой фæсте ба еугур дуйнейæн дæр ракой кодта, куд тох кодта, цæмæй Дони Советон хецауадæ æрфедар адтайдæ, уой туххæй.

Устур Фидибæстон тугъд. Михаил, уæдмæ еугур дуйнебæл дæр зундгонд финсæг, æ уæле шинель искодта, æма иссæй газеттæ «Правда» æма «Красная звезда»-й æфсæддон уацхæссæг. Болкъон Шолохови ахид фæууинæн адтæй акъоппити Нигулæн æма иннæ фронтти. Истори уингæ нæ, фал игъосгæ дæр ке некæд фæккодта, уæхæн тугъди цаутæ цудæнцæ æ цæстити размæ. Уони арф æ зæрди æвардта, цæмæй сæ фæстæдæр равдеса æ уадзимисти: «Наука ненависти», «Судьба человека» æма ма идарддæр кæбæл косуй, еци «Они сражались за Родину»-й.

Æма кæд болкъон Шолохов официалон æгъдауæй запаси æй, уæддæр раздæри хузæн нимад цæуй не ’мрæнгъонбæл, лæмбунæг цæстингасæй кæсуй цардмæ æма нуриккон æфсæддони рабаруй, тугъди ке фæууидта, уони хæццæ.

Ахид æй фæууинæн ес рæнгъон æфсæддонти æма афицерти ’хсæн. Æма уотид цæмæдесдзийнадæмæ гæсгæ нæ, фал æй фæндуй зонун, абони æфсæддонтæ цæмæй æма куд цæрунцæ, куд арæхсунцæ нуриккон уавæрти тохунмæ. Куд гъомбæлгонд цæунцæ сæ Райгурæн бæстæбæл, адæмбæл еузæрдиуон уни гъуддаги. Еуæхæни бабæрæг кодта Качински номдзуд уæлдæр æфсæддон авиацион училище. Курсантти уотæ лæмбунæг фарста алли листæг хабæрттæбæл дæр æма ибæл десæй мардæнцæ.

Мæ зæрдæбæл хуарз бадардтон, Цæгат-Кавкази æфсæддон зилди ахуртæмæ куд æрбацудæй, уой. Командæгæнæн пунктмæ фæззиндтæй изæрæй. Æ уæле цъæх костюм, æ цонгбæл ба плащ-æмбæрзæн. Бæрæг адтæй, нæ рази æцæг æфсæддон лæг ке лæууй, е.

Уæдмæ райдæдтонцæ тугъдон ахурти архæйдтитæ. Цæмæй ин уавæр хуæздæр лæдæрдгонд адтайдæ, уой туххæй ин рагацау æ рази рахæлеу кодтон къартæ. Сауæнгæ фæсæмбесæхсæвтæмæ райеудагъ æй нæ дзубанди.

Сæуми цуппар сахаттебæл æз истад адтæн.

Еци афони ’й райгъал кæнун мæ нæ фæндадтæй. Æма бардзурд равардтон, цæмæй æй вертолетæй еуварсдæр рауæнмæ бахъæртун кæнонцæ. Раст еци рæстæг мæ фæсмæкъур райгъустæй Шолохови гъæлæс:

– Иссæ Александри фурт! Æз зонун, тугъди уæлахезон фæуунцæ æфсади разамонгутæ, уæдта се ’фсæдтæ. Фал уомæй æнææхсгиагдæр нæй, уони нæмттæ адæммæ фæхъхъæртун кæнун дæр æма е ба финсгути ихæс æй.

Мæхе разилдтон æма мæ рази лæудтæй Михаил Александри фурт æдрæвдзæ.

Толдзæ бæлæстæй æхгæд билгæронæй хуарз зиндтæй Дони иннæ билгæрон. Галеуварсæрдигæй цæугæдон цæхгæр фæззелуй нигулæнæрдæмæ, уæдта бабæй æ фиццаг донуатбæл цæун райдайуй.

Еци фæззелæни гъæдæ билгæронмæ хъæбæр хæстæг адтæй. Мах ци туппурбæл лæудтан, е нисангонд адтæй, куд фæлгæсæн рауæн, дони иннæ билгæронбæл ба æрфусун æй «знаг». Шолохов æ сахатмæ æркæсæ-æркæсæ кæнуй, ести си ку райервæза, уомæй цума тæрсуй, уой хузæн.

Уæдмæ æндаг билæрдиги арвбæл мегъи цъоппи хузæн хъуæцæ рабадтæй. «Атомон исрæмугъд» – æ фæсте еу, иннæ, уæдта гъæди къохæй рампурстонцæ танкитæ. Дзармадзантæ æмæхст кæнун райдæдтонцæ. Шолохов лæмбунæг кæсуй архайдмæ.

– Кæсай сæмæ ци косунцæ, уомæ?!.

Цæугæдонмæ лæгæрдунцæ… Нуртæккæ сæ ранихъуæрдзæнæй!..

Æз дзоргæ неци искодтон, уотемæй мæ цæстæ дарун Шолоховмæ. Танкитæ, æцæгæйдæр, сæ цуд фæссабурдæр кæнгæй билгæронмæ æрбахъæрттæнцæ, æма еци цæуæги дони буни ранихъулдæнцæ. Шолохов лæууй еци æгуппæгæй. Бæрæг адтæй, устур катаййи ке бацудæй, е. Уæдмæ иннæ билгæронмæ хæстæг сæ дзармадзанти цъухтæ исзиндтæнцæ.

Сæ фæсте донуордæг кæнун байдæдтонцæ накагæнæг машинттæ, бронетранспортертæ, минометтæ æма уæлдæфон-десантон къуæртти хæццæ.

Дони сæрмæ игъусуй вертолетти гур-гур. Дони рази архайунцæ хедаразгутæ. Цубур рæстæгмæ дони сæрти хед арæзт æрцудæй æма æфсæддонтæ иннæ билгæронмæ бансанстонцæ. Идардæй игъусуй «тугъди унæр». Шолохов сагъæсти бацудæй.

– Дессаги цæргæстæ! Хъæбæр æвзугъд фæсевæд – цийнæ кодта Шолохов.

Ахуртæ цудæнцæ идарддæр. Шолоховæн æнтæстæй алли рауæни дæр фæуун. Хусгæ нæ кодта, фарста афицерти, дзубанди кодта рæнгъон æфсæддонти хæццæ, лæмбунæг кастæй сæ фезмæлдмæ.

Цæгат Кавкази æфсæддон зилди æфсæддонтæ уарзтонцæ æма уарзунцæ М.Шолохови уадзимистæ. Кæцифæнди киунугæдонæмæ дæр бацотæ, æма уин уонæй алкæций косгутæ дæр сæрустурæй зæгъдзæнæнæцæ: «Махмæ Шолохови киунугутæ тæрхæгутæбæл уотид некæд лæуунцæ!» Æма е æхцæуæн æй. Æгайтима не ’мзæнхонтæмæ уоййасæбæл цæстиварди æнцæ Михаил Шолохови уадзимистæ, уой дæр уомæ гæсгæ, æма етæ нæ фæсевæди ахур кæнунцæ Райгурæн бæстæ уарзунбæл, уой багъæуай кæнунбæл.

…Михаил Шолоховæн æ дæс æма æртинсæй анзей фæдбæл арфæ кæнгæй ин уотæ загътон:

– Нæ хъазар Михаил Шолохов. Мах дæ алкæддæр нимадтан æма нимайæн æфсæддон рæнгъити тохгæнæгбæл.

…Мæ цубур радзубандий кæронбæттæни ба еума хатт дæр фæлхат кæнун мæ загъд: «Шолохов алкæддæр нæ хæццæ ’й!»



## ЗÆРДÆХЦÆУÆН ФЕМБÆЛДТИТÆ



**ДЗАДТИАТИ Тотурбег** (1910-1984)
финсæг, Устур Фидибæстон тугъди архайæг

***Сахар Новочеркасски электровозтæ аразæн заводи коллективæн цехтæй еуеми ци æмбурд адтæй, уоми кустуати æскъуæлхтдæр косæг Афанасий Чирков унаффæ ку бахаста, цæмæй ССР Цæдеси Сæйраг Совети депутаттæмæ кандидатæй нисангонд æрцæуа Михаил Шолохов, уæд косгути æмхузон къохæмдзæгъдæй цехи фæрстæ нирриztæнцæ.***

*Иристони финсгутæй дæр кадæртæ хуарз зонгæ адтæнцæ Михаил Шолохови хæццæ, фембæлиуонцæ, зæрдæхцæуæнæй фæдздзубандитæ кæниуонцæ. Уонæй еу – Дзаттиати Тотурбег. Æ рæстæги ин фæцæй номдзуд финсæги хæццæ фембæлуни равгæ. Æ имисуйнæгтæмæ гæсгæ, е адтæй евгъуд æноси 50-аг æнзти кæрони. Уæд ССР Цæдеси Сæйраг Совети депутаттæ æвзарунмæ цæттæ кæнуни куст равдесуни туххæй Дзаттиати Тотурбег дæр сæрмагонд исфæлдистадон къуари хæццæ «Литературная газета»-йи номæй æрвист æрцудæй Ростови облæстмæ – уоми Сæраг Совети депутаттæмæ кандидатæй гъавтонцæ Михаил Шолохови иснисан кæнун. Еци балций туххæй Дзаттиай-фурт фæстæдæр журнал «Мах дуг»-и ниммухур кодта очерк «М. А. Шолохови хæццæ фембæлдтитæ». Мах дæр æй минкъий цубуртæгодæй абони мухур кæнæн.*

* * *

...Новочеркасски кæрони идæрдтæбæл низзилдæнцæ Буденныйи номбæл электровозтæ аразæн заводи устур цехтæ. Аци кустуат æ хуæрзгъæдæ, тухгин электровозтæй зундгонд æй æнæгъæнæ Советон Цæдесбæл. Игъустгонд æй сауæнгæ Китайи, Польши æма æндæр паддзахæдти дæр.

Фæскуст. Заводи тæккæ агъазиаудæр цехмæ æмбурд кæнунцæ косгутæ æма инженертæ. Цæстæ зинтæй кæбæл хъæртуй, уæхæн цех идзагæй-идзагдæр кодта адæмæй. Кæцидæр рауæнтæй си райгъустæй игъæлдзæг зар. Фæсевæд сæ рæстæг дзæгъæли нæ исафунцæ: искарз æй кафт æма зард...

Райдæдта, аст мин косæги кæми æрбамбурд æй, еци митинг. Косгутæ нисан кодтонцæ сæ кандидаттæ Райгурæн бæсти уæлдæр паддзахадон оргæнмæ Сæйраг Советмæ.

Электровозмæ исхизтæй зæронд, уорсзакъæ лæг æма æ ходæ исиста. Адæм ин нирдзæф кодтонцæ, косæгмæ сæ уарзон зæрди уагæ æвдистонцæ. Е адтæй, ами ци адæм ес, уонæн сæ еугурей хестæр, æнзтæй, кустмæ æма революцион тохи дæр сæ еугуремæй раздæр ка бацудæй, уæхæн – Афанасий Михайлович Чирков. Æмбурди размæ мах берæ фæдздзубанди кодтан зæронд косæги хæццæ. Чирков æй Уæрæсей æма Со¬ветон Цæдеси косгути революцион тохи æма социализм аразуни хъазауати цардæгас истори. Партий рæнгъитæмæ бацудæй 1903 анзи Петрогради. Уæдæй фæстæмæ ци цаутæ ’рцудæй, уонæй сæ тæккæ гулфгæнгæ архайæг адтæй, æма нур æ цæститæбæл уайунцæ евгъуд рæстæгути хузтæ. Партий фæдзæхстмæ гæсгæ, Чирков раги æрвист æрцудæй Донмæ, хъазахъæгти ’хсæн революцион куст кæнунмæ.

Е адтæй 1907 анзи. Уæддæр æвзурстонцæ Паддзахадон Думæмæ. Фал етæ бустæги æндæр æвзурститæ адтæнцæ. Чирков ма хуарз гъуди кæнуй, еци рæстæги е куд тох кодта хъазахъæгти мæгурдæр хаййи ’хсæн косгæй, революцийæй тарст паддзахи федаргонд «æвзурстити æгъдауи» нихмæ. Журнал «Вестник донских учителей», зæгъгæ, уоми финст адтæй: «Трудно даже представить себе, какое огромное количество обывателей, крестьян и рабочих лишено избирательских прав... В некоторых уездах число исключенных доходит до 95 процентов»... Новочеркасски пъæлиций хестæр, Греков, æвзаргути æмбурдтæбæл зилдæй æма хузæй, уæдта дарæси гъæдæмæ гæсгæ бæрæг кодта, æвзаруни барæ кæмæн ес æма кæмæн нæййес, уони æма сæ се ’фцæкъуатæй æндæмæ калдта æмбурдтæй. Еци цау Чирковæн æхебæл æрцудæй.

Нур ракæсæ еугур адæммæ дæр! Хебарæй сæ еугурдæр адæми хуæздæртæй хуæздæрти!..

Æма ин, мæнæ ци æмбурди кой кæнæн, уоми радзоруни барæ ку равардтонцæ, уæд гъæрæй загъта:

– Шолохови зонунцæ æма уарзунцæ нæ советон адæм, устур аргъ ин кæнунцæ фæсарæнти раст адæмтæ дæр. Михаили Александри фурт райгурдæй, исгъомбæл æй æма номдзуд финсæг иссæй Дони хъазахъæгти ’хсæн. Шолохов ци анз райгурдæй, 1905 анзи, уомæй еу «минкъий» хабар мæ зæрди хæссун, хуарз адæм, – зæгъгæ, æ дзиппæй исиста зæронд журнал «Вестник донских учителей» æма си бакастæй, уоми еу ахургæнæгæн ци уац адтæй, уомæй хецæн скъуддзæгтæ.

Зæгъæн: «Приведу маленькое сравнение – во что обходится школа и жеребец. Сравнение совсем неприличное, но что поделаешь? Такова действительность. Годовое содержание хуторской школы обходится в 460 рублей. На 9 жеребцов (за все разы извиняюсь в употреблении этого слова) – 5.110 рублей, а на одного – 568 рублей!.. Какою дикостью веет от этих цифр! О какой бессмысленности говорят они. Содержание одной лошади дороже содержания целой школы!..»

Чирков расæрфта æ тæрнихи хед – исхед æй, хъазахъæгтæ паддзахи рæстæги куд цардæнцæ, уой имисгæй. Æма гъæрдæрæй бакастæй: «И горько, и обидно становится за тебя, донец за твою кровную копейку. Жутко до боли делается за судьбу твою, отданную на растерзание темным силам в светлых погонах…»

– Гъе уæхæн адтæй раздæр фæллойнæгæнæг хъазахъаги ирисхъæ, æмбæлттæ, – дзурдта идарддæр Чирков. – Нур ба ракæсайтæ! Ци журналæй уин кастæн, уой Новочеркасски мухур кодтонцæ, уоми советон доги алли æртæ æвзарæгемæй дæр еу æй студент! Мадта нæ совхозтæ æма колхозтæ! Нæ Волгæ-Дони къанау æма нæ МТС-тæ!.. Хъазахъæгти фурттæй цæйбæрцæ иссæнцæ профессортæ!.. Еци хабæрттæн сæ еугуребæл нæ дзордзæнæн, фал зæгъун мæ фæндæ: «Тихий Дон»-и æма «Поднятая целина»-й автор академик Михаил Александри фурт Шолохови нæ заводи коллективи номæй иснисан кæнæн ССР Цæдеси Сæйраг Совети депутатмæ кандидатæй!

Косгути æмхузон къохæмдзæгъдæй цехи фæрстæ ниррізтæнцæ...

***Уодзæнæй ма.***

**Хетæгкати Къостай музейбæл 2 июни æнхæст кæнуй фондз æма цуппаринсæй анзи. Еу æма æхсæзинсæй анзи ба 6 июни æнхæст кæнуй, Къостай киунугæ «Ирон фæндыр» мухури ку рацудæй, уобæл.**

*Сколько раз пробовал ходить туда, куда глаза глядят. И каждый раз почему-то оказывался у холодильника.*

*Счастье любит тишину, прерываемую тихими уведомлениями о зачислении денег.*

* * *

*Склероз – это когда не можешь вспомнить: все будет хорошо или уже было.*

* * *

*– Ты обызвал меня во сне!..*
*– А я и не спал.*

## ЗÆРДИАГÆЙ УÆ ХОНÆН АЛÆМÆТИ ЦÆМÆДЕСАГ АЙЙЕВАДОН МАДЗАЛМÆ!..




## НÆ САБИЙТÆ ЦÆМÆЙ ЗÆРДÆМÆДЗÆУГÆЙ РАРВЕТОНЦÆ СÆ СÆРДИГОН РÆСТÆГ!..

# БÆЛВУРД РАВГИТÆ КÆСТÆРТИ ЦИЙНÆЙДЗАГ ФÆЛЛАДУАГЪДÆН



Ахури анз кæронмæ куд æрхъæрттæй, уотæ бони фæтки нæуæгæй æрлæудтæнцæ скъоладзаути сæрдигон фæлладуагъд æма æнæнездзийнадæ фæффедардæр кæнуни кампанимæ цæттæдзийнади фарстатæ. Профилон ведомствити минæвæртти докладтæмæ гæсгæ, скъолати размæ лагертæ æма æндæр фæлладуадзæн-дзæбæхгæнæн центртæ куд косдзæнæнцæ, уой фæткæ нерæнгæ бæлвурд æй.

Куд алли анз, уотæ аци хатт дæр сувæллæнтти сæрдигон фæлладуадзæн мадзæлттæ райдайдзæнæнцæ 1 июни. Æнагъонти фæлладуадзæн æма æнæнездзийнадæ федардæр кæнæн косæндæнтти цæттæдзийнади гъуддаги фиццаградон æргом æздæхт цæуй санитарон кæдзосдзийнади домæнтæмæ, зингисервæзтитæ æма æндæр æнæнгъæлæги цаутæй æдасдзийнади, лагерти гъомбæлкæнуйнæгтæмæ медицинон цæстдарди уагæвæрдтитæмæ.

Еци нисантæбæл бакустонцæ Ахурадæ æма науки, Фæллойнæ æма социалон ирæзти республикон Министрадтæ. Уæрæсей Федераций Æнæнгъæлæги уавæрти министради регионалон управлени æма æндæр цæстдарæг ведомствитæ.

Куд нисангонд цæуй, уотæй аци сærди фæлладуадзæн æма дзæбæхгæнæн мадзæлттæ рахъæртдзæнæнцæ 22,4 мин сувæллонемæй фулдæребæл. Уонæй 18 мин æнагъони сæ фæллад исуадздзæнæнцæ скъолати рази косæг лагерти, 4,5 минеæй бæрцæ ба рабалци кæндзæнæнцæ фæлладуадзæн æма æнæнездзийнадæ федаргæнæн стационарон центртæмæ.

Бæрнон ведомствити разамонгути игъосункæнуйнæгтæмæ гæсгæ, байгон кæнунмæ цæттæ 'нцæ скъолати размæ 159 лагери. Уонæй уæлдай, сувæллæнттæн фæлладуадзæн æма дзæбæхгæнæн лæггæдтæ кæндзæнæнцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Фæллойнæ æма социалон ирæзти министради дæлбарæ косæг аст стационарон центри æма Кавкази Минералон Дæнтти регионти дууæ лагери.

Ахурадæ æма науки Министради (аци ведомствæ комкоммæ бæрнон æй скъоладзаути сæрдигон фæлладуадзæн фарстатæбæл) куд радзурдтонцæ, уотемæй лагертæ æма иннæ фæлладуадзæн центртæмæ балцæгтæ фиццаградон æгъдауæй дехгонд цæуздзæнæнцæ сæрмагонд æфсæддон операций архæйгути сувæллæнттæн, царди тухст уавæрти бахауæг бийнонти кæстæртæн, уæдта æндæр уæлæнхасæн социалон агъазгъæуагæ ка 'й, еци къуæртти минæвæрттæн.

Министради минæвари дзубандимæ гæсгæ, бундорон цалцæги фæсте скъоладзаути нæуæгæй исиуазæг кæндзæнæй сувæллæнтти исфæлдистади республикон Галауан – уоми дæр иони косун райдайдзæнæй сæрдигон лагерь.

* * *

*Куд нисангонд цæуй, уотемæй сувæллæнтти гъæуаг кæнуни Æхсæндуйнеуон бон нæ республики еугур рауæнти дæр исбæрæг кæндзæнæнцæ зæрдæмæдзæугæ мадзæлттæй. Уой фæдбæл Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей Меняйло республики хецаудзийнади минæвæрттæ æма депутаттæн байихæс кодта, цæмæй сæ æнæмæнгæ бабæрæг кæнонцæ æма фæййагъаз кæнонцæ тæккæ федауцæдæр хузи сæ исæнхæст кæнуни гъуддæгути.*

## ЗОНУЙНАГ

# ВЕТЕРАНТÆН АГЪАЗГОНД ЦÆУДЗÆНÆЙ ЦЕНТРИ

Сæрмагонд æфсæддон операций демобилизацигонд архайгутæн ес медицинон реабилитаций æма санаторон-курортон дзæбæхкæнуйнади фæдбæл лæггæдтæ Уæрæсей Социалон фонди бæрниуæвæг реабилитацион центрти райсуни барæ.

Амунд фонд дзæбæхкæнуйнади еугур афони сæрмагонд æфсæддон операций раздæри архайгутæмæ цæстæ дардзæнæй. Адæймагæн ес санаторон-курортон дзæбæхкæнуйнадæ анзи дæргъи еунæг хатт райсуни барæ.

Реабилитацион центртæмæ рарветуни рæстæг ветерани æнæнездзийнади уавæри туххæй медицинон-социалон экспертизи бæрæггæнæнтæ бахинцунцæ. Амæй размæ медицинон æртасунадæ ка нæ рацудæй æма сахъат ка нæй, еци адæймагæн диагностикæ исæнхæст кæнунцæ реабилитацион центри æма ин дзæбæхкæнуйнади фæткæ хецæнæй байамонунцæ. Уæрæсей Бæгъатæри ном, кенæ фиццаг къуари сахъатдзийнадæ кæмæ ес, сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн ес дзæбæхкæнуйнадæ Социалон фонди реабилитацион центрти æнæ кезуйæй рандæуни барæ.

Адæймагæн ес дзæбæхкæнуйнадæ райсуни фæдбæл курдиадæ. Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади еугур клиентон службитæмæ æма амунд лæггадæ æнхæстгæнæг берæкъабазгин центртæмæ барветуни барæ. Специалисттæ курдиади фæдбæл унаффæ рахæсдзæнæнцæ дууæ косгæ бонемæ æма фæстæдæр бони дæргъи курдиадæбарветæг адæймагæн унаффи туххæй хабæр фегъосун кæндзæнæнцæ.

Реабилитаций æма санаторон-курортон дзæбæхкæнуйнади фæдбæл лæггæдтæ цæмæй фæййаслан уонцæ, уой туххæй сæрмагонд æфсæддон операций ветерантæн реабилитацион центри уæнгæ æма фæстæмæ цæуни нади хæрзтæ бафедунцæ. Фæндаггаги хæрзтæ фист цæмæй æрцæуонцæ, уой туххæй ветерани ихæс æй курдиадæ барветун æма цудæвдесæг гæгъæдитæ курдиадæмæ бафтаун (дзубанди цæуй ефстæгтæй фæстæмæ транспорти цийфæнди хузтæбæл – поездбæл, хуæдтæхæгбæл, дони транспортбæл, автобус кенæ адæймаги хе хуæдтолгæбæл).

Уæрæсей Социалон фонди реабилитаций еугур центрти туххæй хабæрттæ финст æнцæ мæнæ ауæхæн официалон сайти: https://sfr.gov.ru/about/rehabilitation centers/.

Реабилитацион центр кæци рауæн æй, циуавæр æрдзон æма цæруйнади уавæртæ си ес, уони æма æндæр æууæлти туххæй бæлвурд хабæрттæ финст æнцæ амунд сайти.

Уæрæсей Социалон фонди еумæйаг контакт-центр: 8-800-100-00-01 (телефонæй бадзорæн ес лæвар; регионалон хайади кусти фæткæ: авдисæрæй цуппæрæнмæ – 9 сахаттемæй 18 сахаттей уæнгæ, майрæнбони ба – 9 сахаттемæй 16 сахаттей æма 45 минутти уæнгæ).

***Уæрæсей Федераций Социалон фонди цæгатиристойнаг хайади пресс-службæ***

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Э. Б.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 1155**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 30.05.2025.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 30.05.2025.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**